



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

Li bay enstriksyon ak lekòl ki nan kòd postal pwen cho ke Vil New York idantifye yo pou yo fèmen tanporèman aprantisaj an pèsòn apati demen

Gouvènè a ap rankontre avèk kominote yo nan konte Brooklyn, Queens ak Rockland, Orange ak Nassau pou yo diskite rasanbleman relijye yo

Eta New York ap siveye aplikasyon lalwa nan fwaye pwen cho yo nan tout Eta a 20 kòd postal nan zòn sansib yo - Konte Brooklyn, Queens, ak Rockland ak Konte Orange - Gen 5.5 pousan to pozitivite

Pozitivite nan tout Eta a sof pou kòd postal zòn sansib yo se 1.01 pousan; 1.22 pousan avèk kòd postal zòn sansib yo ladan

8 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 587 Etablisman; Obsève 0 Etablisman ki Pa Konfòm

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou jodi a sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 la epi li te bay enstriksyon ak lekòl ki nan kòd postal pwen cho Vil New York idantifye a pou yo fèmen tanporèman aprantisaj an pèsòn apati demen. Gouvènè a te fè remake ke Eta New York bezwen plis done sou menas COVID-19 la reprezante nan lekòl sa yo. Gouvènè Cuomo te anonse tou li pral rankontre avèk kominote yo nan konte Brooklyn, Queens, ak Rockland, Orange ak Nassau pou yo pale sou rasanbleman relijye yo. Eta New York pral siveye aplikasyon lalwa nan fwaye pwen cho yo nan tout Eta a. Yè Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York ap deplwaye pèsònèl [pou aplike dirèkteman](#) direktiv Eta a nan kòd postal pwen cho yo. Eta New York pral revize done yo nan kòd postal ki afekte yo, li pral rasanble plis done sou lekòl epi li pral detèmine kritè pou re-ouvèti lekòl yo.

Nan 20 kòd postal prensipal yo nan zòn ki konstate epidemi resan yo - Konte Brooklyn, Queens ak Rockland ak Konte Orange - yo te reyalize 3.473 tès, ki bay 193 pozitif oswa yon to pozitivite 5.5 pousan. Nan rès eta a, yo te reyalize 72,931 tès ki bay 740 pozitif oswa yon to pozitivite ki estime a 1.01 pousan.

"Prensipal preyokipasyon mwen te toujou lekòl yo. Mwen di paran ki nan Eta sa a, mwen pa pral pèmèt yo voye timoun ou an nan okenn lekòl ke mwen pa tap voye pitit mwen, pwen ba. Epi nou genyen mo pèsonèl mwen sou sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si ou dwe priyorize tès, ou vle ale lekòl sa yo dabò paske ou konnen yo nan fwaye pwen cho yo, kidonk nou pa ko teste kèk lekòl nan fwaye pwen cho yo. Prevni pi bon pase geri. Mwen pa tap voye timoun mwen an nan yon lekòl ki nan yon pwen cho ki poko teste epi kote mwen pa gen prèv ke to enfeksyon an te ba nan lekòl sa a. Mwen pa tap voye timoun mwen a. Mwen pap rekòmande oswa pèmèt okenn fanmi nan Vil New York pou li voye timoun li a nan yon lekòl kote mwen pa tap voye timoun mwen an. Nou pral fèmen lekòl yo nan zòn sa yo demen."

Eta New York kontinye swiv fwaye yo ak yon atansyon patikilye nan milye ki gen zòn sansib yo, ak sityasyon fwaye yo. Anndan 20 kòd postal prensipal yo nan konte ki gen epidemi resan yo - Konte Brooklyn, Queens ak Rockland ak Konte Orange - to mwayèn tès pozitif la se 5.5 pousan. To pou tès pozitif yo pou rès Eta New York la, san konte 20 kòd postal sa yo se 1.01 pousan. 20 kòd postal sa yo gen 21 pousan tout ka pozitif nan Eta New York yè, men reprezante sèlman 6,7 pousan popilasyon Eta a.

Eta New York ap reylize tès ki oryante nan zòn ki nan kominote pwen cho yo, prensipalman nan konte Brooklyn, Queens, ak Rockland ak Orange. Eta a ap deplwaye tou machin tès rapid nan kominote sa yo. 20 kòd postal prensipal pou to pozitivite ki pi wo nan konte sa yo disponib anba a:

KONTE	KÒD POSTAL	% POZITIF 10/4	% POZITIF 10/3	% POZITIF - 3 JOU AN MWAYÈN	% POZITIF - 7 JOU AN MWAYÈN	% POZITIF - 14 JOU AN MWAYÈN
Orange	10950	12.2%	13.7%	21.3%	17.6%	17.2%
Rockland	10952	17.9%	15.1%	11.7%	12.8%	13.0%
Rockland	10977	15.7%	8.6%	11.8%	12.1%	12.1%
Kings	11223	5.1%	11.3%	9.0%	8.0%	7.1%
Rockland	10901	4.8%	6.1%	5.4%	6.8%	6.1%
Kings	11230	9.3%	8.7%	7.7%	6.7%	6.1%
Kings	11210	7.0%	6.7%	6.2%	5.3%	5.1%
Kings	11219	6.3%	3.9%	4.4%	4.6%	5.4%
Kings	11229	6.8%	3.0%	4.9%	4.5%	4.1%
Kings	11204	10.7%	3.5%	5.2%	4.4%	5.1%
Queens	11367	3.9%	3.8%	4.0%	4.3%	4.1%
Orange	12550	5.9%	7.2%	6.0%	3.8%	2.7%
Queens	11691	2.2%	2.4%	2.7%	3.4%	2.8%
Queens	11374	1.8%	1.7%	2.2%	3.0%	3.0%
Kings	11218	2.7%	4.6%	3.2%	2.9%	2.6%
Kings	11235	2.8%	3.4%	2.8%	2.8%	2.5%
Kings	11234	4.3%	2.5%	2.8%	2.5%	2.1%

Queens	11432	2.8%	3.2%	2.2%	2.1%	1.8%
Kings	11211	1.1%	3.2%	2.0%	1.9%	1.7%
Kings	11209	1.9%	2.5%	1.7%	1.8%	1.6%

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 587 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 0 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 636 (+18)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 72
- **Lopital Konte yo** - 36
- **Kantite ICU** - 149 (+11)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 70 (+3)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 77,141 (+51)
- **Kantite Lanmò** - 8
- **Kantite Lanmò Total** - 25,527

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	0.8%	0.8%	0.7%
Central New York	0.8%	0.8%	0.8%
Finger Lakes	0.6%	0.6%	1.0%
Long Island	1.2%	0.9%	0.9%
Mid-Hudson	2.3%	1.4%	1.9%
Mohawk Valley	0.3%	0.4%	0.5%
New York City	1.4%	1.4%	1.5%
North Country	0.3%	0.3%	0.8%
Southern Tier	1.5%	1.1%	0.7%
Western New York	1.1%	1.1%	1.2%

Pousantaj rezilta tèst pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Bronx	1.0%	1.0%	1.4%
Brooklyn	2.3%	2.4%	2.5%
Manhattan	0.7%	0.7%	0.7%
Queens	1.2%	1.3%	1.6%
Staten Island	1.4%	1.1%	1.1%

Nan total 465,515 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,201	11
Allegany	125	1
Broome	1,974	27
Cattaraugus	307	4
Cayuga	231	0
Chautauqua	632	3
Chemung	747	26
Chenango	262	1
Clinton	170	4
Columbia	608	0
Cortland	223	0
Delaware	141	0
Dutchess	5,187	8
Erie	11,798	31
Essex	171	1
Franklin	70	0
Fulton	348	1
Genesee	346	2
Greene	348	1
Hamilton	15	0
Herkimer	348	2
Jefferson	176	0
Lewis	53	2
Livingston	211	0
Madison	503	0
Monroe	6,220	14
Montgomery	238	0
Nassau	47,302	56
Niagara	1,834	6
NYC	246,885	468
Oneida	2,480	2
Onondaga	4,556	19
Ontario	491	2
Orange	12,438	44
Orleans	337	0
Oswego	523	2
Otsego	347	1
Putnam	1,652	2
Rensselaer	945	1

Rockland	16,071	55
Saratoga	1,100	5
Schenectady	1,429	0
Schoharie	87	1
Schuyler	57	6
Seneca	111	1
St. Lawrence	336	1
Steuben	540	6
Suffolk	46,891	49
Sullivan	1,616	1
Tioga	278	4
Tompkins	451	6
Ulster	2,324	9
Warren	416	3
Washington	307	0
Wayne	335	3
Westchester	38,515	40
Wyoming	142	1
Yates	66	0

Yè, te gen 8 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,527. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Broome	1
Cattaraugus	1
Dutchess	2
Erie	1
Kings	1
Queens	1
Richmond	1

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)